

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---

***CONSTRUIRE UNE GRANDE CHAINE DE SOLIDARITE SANS EXCLUSION POUR LA RE-HAITIANISATION D'HAITI.***

**Domaine d'intervention**

Socioculturel et éducatif

Social (Civisme, Environnement, Santé, Mutuelle Solidarité)

Culturel (Agriculture, théâtre, danses, poésie).

Educatif (Séminaires de formations, conférences/débats sur des sujets d'actualités, professionnalisations)

**Groupe Cible**

des gens des deux sexes de premier à troisième âge

La brochure intitulée : Fiche technique du **RKJL** vous en parle mieux de notre mouvement.

---

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

## Calendrier des activités du rkjl 2010 – 2011

mois	date	activités	durée	Thème/objectif	Effectif	Coûts
février	14	Rencontre départemental Grand'Anse	6 hres	Planification du congrès des Koumbitistes	30	7.000 gdes
avril	03	Visite du RKJL de Anse d'Hainault, Dame Marie et Julie	14 hres	Renforcer la capacité des Koumbitistes	120	1.250 gdes
	30	Congrès annuel du RKJL	72 hres	Connais-toi, toi – même, tu connaîtras Dieu et l'univers	275	1.015.125 gdes
Juin	05	reboisement	4 hres	Protéger notre environnement	ind.	
juillet		Rencontre départementale grand'Anse	4 hres	Evaluation du réseau et montage d'un nouveau programme	17	3.600 gdes
août	28	Visite RKJL Beaumont	12 hres	Renforcer la capacité des Koumbitistes	25	1.765 gdes
septembre	18	Visite RKJL Dame Marie	12 hres	Vérification et visualisation de la présence du RKJL	13	1.215 gdes
	19	Visite RKJL Anse d'Hainault	12 hres	Redynamiser les Koumbitistes	72	1.215 gdes
novembre	18	Rencontre départementale grand'Anse	6 hres	Trouver un rapport sur le fonctionnement du RKJL dans la grand'Anse	22	5.000 gdes
décembre	20 -22	Séminaire sur les droits humains pour les Ob	12 hres	Importance des droits humains	35	4.500 gdes
Février	14	Rencontre départementale Grand'Anse	6 hres	Planification du 4 <sup>e</sup> congrès annuel du RKJL	35	6.750 gdes
Avril	17 – 21	Séminaire sur les droits humains pour les Ob	20 hres	Former les gens contre la discrimination et tout autre violation des droits humains	25	10.000 gdes
mai	06	Fondation de la coordination générale du RKJL	2 hres	Rendre le RKJL plus opérationnel et trouver une couverture nationale	5	250 gdes
	14	Commémoration du 8e anniversaire du RKJL	3 hres	Rehausser l'éclat du RKJL face au grand public	ind.	25.000 gdes
	15	Journée d'exploration et visite du RKJL bonbon	12	Découvrir les patrimoines historiques et culturels, redynamiser le RKJL de bonbon	23	8.000 gdes
juin	21	Sensibilisation par le théâtre contre le cholera bonbon	3 hres	Lutter contre la stigmatisation, le lincharge et la discrimination	ind.	7.500 gdes

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkjl13@gmail.com](mailto:rkjl13@gmail.com)

[www.rkjl13.blogspot.com](http://www.rkjl13.blogspot.com)

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---

	23	Sensibilisation par le théâtre contre le cholera chambellan	3 hres	idem	ind.	9.000 \$
	24	Idem a Jérémie (makandal et le marché public)	3 hres	idem	ind.	6.600 \$
	25	Idem a Jérémie (Ste heleine et morne fort)	3 hres	idem	ind.	6.600 \$
	27	Visite du RKJL Marie Kerotte et sensibilisation contre le cholera a Moron	5 hres	Redynamiser les Koumbitistes et aider les gens a lutté contre la stigmatisation et la discrimination	ind.	9.000 \$
juillet	09	Sensibilisation contre le cholera désormeaux	3 hres	Lutter contre la stigmatisation et la discrimination	ind.	9.600 \$
	10	Idem à boucan béllier	3 hres	Idem	ind.	9.600 \$
	12	Idem à Léon	3 hres	Idem	ind.	9.600 \$

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

---

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay




RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie - Haïti

40, Astier - Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8



[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---

## **PREYANBIL**

Lè nou konsidere kijan lakilti se baz fondamantal devlopman tout sosyete pou kilti pa nou prèske fin pèdi pye, sa lakoz jenès la deraye, paran demisyone, absans modèl, ogmantasyon mizè, fè vou sou nou yon sèl kou

Lè nou konsidere kijan akiltirasyon sa a fè nou inyore tout prensip ki reji lavi sosyete nou an, jete pwòp idantite nou, detwi tèt nou, tann bòl nou devan lòt peyi k'ap wete nan souverènte nou chak jou pi plis pou fè nou bliye listwa nou, touye konsyans nou, bliye ki kote nou soti ak ki kote nou dwe ale.

Lè nou konsidere kijan zèv atistik, atizana ak agrikilti se te nanm ekonomi peyi nou, jounen jodi a pou yo prèske san valè.

Lè nou konsidere ki kalite enpòtans pwodwi agrikòl byolojik nou yo genyen pou se pwodwi pèpè ki fèt ak baz chimik k'ap taye banda nan chodyè lakay nou pou gaye maladi nan venn nou.

Lè nou konsidere ki kalite dega debwazman san pran souf ap fè sou lavi nou.

Lè nou konsidere kijan lanati, deklarasyon inivèsèl dwa moun, pak entènasyonal dwa sivil ak politik peyi nou te aksepte siyen yo bay chak pèp dwa pou genyen pwòp kilti pa li san youn pa gen dwa enpoze li sou yon lòt.

Lè nou konsidere kijan konstitisyon 29 mas 1987 la bay tout moun dwa pou yo reyini libelibè depi zam pa ladan, nou wè li enpòtan pou nou rasanble tout patriyòt, fanm kou gason, moun k'ap viv nan vil tankou moun k'ap viv nan kanpay, granmoun tankou timoun, tout jèn talan ki gen volonte ak detèminasyon nan tout kat kwen, nan sant peyi a ak nan tout kote ki gen Ayisyen k'ap viv ladan pou nou RENOVE KILTI peyi nou ki gen tandans disparèt chak jou pi plis.

## **Chapit I**

### **Denominasyon, Sig, Misyon, Objektif, syèj sosyal ak dire**

**Atik 1:** Rezo Koumbit Jèn Lakay se yon mouvman sosyo kiltirèl ak edikatif ki granmoun tèt li, sig li se RKJL, li pa antre nan okenn batay pou pran pouvwa politik ni li pa regle zafè relijyon ak pesonn, se pa zafè fè lajan ki reyini li men se pito bòn volonte ak detèminasyon manm li yo, li pa gade sou koulè po, laj, sèks ak ran sosyal pesonn, li fonksyone selon misyon, objektif ak estrateji li bay tèt li, dire lavi RKJL pa gen limit.

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

---

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---

**Atik 2 :** RKJL se yon mouvman sosyokiltirèl ak edikatif Ayisyen ki gen syèj sosyal li nan Jeremi men syèl sosyal sa a ka deplase pou li al nenpòt lòt kote sou demand asanble jeneral la, mouvman an gen dwa pou li reyini depi se kote ki gen Ayisyen nan kad misyon li ki se **RENOVE KILTI AYISYEN** an.

**Atik 2-1:** RKJL bay tèt li objektif:

- Fè lakilti jwe yon wòl motè nan devlopman sosyal ak ekonomik peyi a.
- konstwi yon kokenn chenn solidarite pou fè AYITI retounen nan rasin li.

**Atik 3 :** RKJL gen pou senbòl yon solèy ki briye nan mitan yon pye palmis, yon tanbou ki kwaze ak yon gita nan mitan solèy la epi yon lanbi ki sou bò dwat la, nan wonn solèy la gen de bout chenn nan mitan yon slogan ki ekri **ANSANM NOU KAPAB**.

Atik 4 : Nan tout sikonstans, reyinyon **RKJL** yo dwe Fòmè – Enfòmè –Anime, se poutèt sa li gen yon fòmil reyinyon ki tabli konsa : Animasyon –Jounal –Lapriyè –Enfòmasyon –Fòmasyon –Animasyon – Pataj epi Lapriyè.

## Chapit II

### **Kondisyon pou w vin manm RKJL**

Atik 5 : pou yon moun vin manm **RKJL** tout bon vre fòk li :

- te pase twa(3) reyinyon pou li wè si li kapab vin manm yon mouvman konsa.
- Fè lekti sou lwa ki regle lavi **RKJL** yo.
- Bay yon dwa dantre vennsenk (25) goud ki gen dwa varye ak tan an.
- Ranpli yon fòmilè enskrisyon ak tout angajman.
- Bay de bout foto ki sanble tèt koupe avèk li.
- Ranpli yon fòmilè ki pou ale nan achiv mouvman an.
- Respekte tout lwa ak kondisyon ki tabli nan **RKJL** yo
- Resevwa yon batèm ki vle di li rantre tout bon vre nan gran fanmi **RKJL** la.
- Prete sèman li devan asanble kote li ye a, drapo peyi a ak drapo ofisyèl **RKJL** la

### **KILÈS YON KOUMBITIS YE ?**

Atik 6 : yon koumbitis se yon moun ki kòmande dezi li, li toujou chache fè sa ki bon ak sa ki itil lasosyete kote li mete tout kè li, tout li menm pou reyalize travay l'ap fè a epi se yon moun ki respekte pawòl li.

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

---

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL



25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti  
40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti  
NIF : 000-617-431-8

---

Atik 7 : yon koumbitis se yon wa ki konnen kouwòn pa li a pa sou tèt li se nan kè l li ye, li pa gen lò ni dyaman, pa gen pesonn ki ka wè li, kouwòn pa li a rele **KONTANTMAN** ak **SATISFAKSYON**, pou kalite kouwòn pa li a genyen, se pa tout wa sou latè ki gen chans posede li.

Atik 8 : yon koumbitis se yon moun ki gen anpil kouraj, li mete tout pasyans li, pèseverans li ak ewoyis li nan tout sa l'ap fè pou rèv li kapab reyalize, li pa wè tèt li sèlman, li plis panse ak lòt yo anvan, se yon moun ki gen anpil jenewozite, li renmen fè lacharite.

Atik 9 : yon koumbitis tout bon se yon moun k'ap travay chak jou pi plis pou lakilti ayisyèn nan fleri nan tout nivo, se yon moun k'ap travay pou kenbe flanbo kilti nou byen wo.

Atik 10 : yon koumbitis tout bon se pa yon toutis, men se yon moun ki toujou ap fouye zo nan kalalou pou li gen yon minimòm konesans sou tout sa ki antoure li oubyen ki ekziste.

Atik 11 : yon koumbitis tout bon se yon moun ki aksepte bay yon bagay tout valè li merite, li apresye tout efò, siksè ak kalite yon lòt moun genyen menm li pa gen menm opinyon avèk li, se yon moun ki ankouraje pwogrè lòt moun ap fè san ipokrizi, li pran tout tan ki nesèsè pou li mande konsèy anvan li fè yon bagay, se yon moun ki prevwayan anpil.

## **Dwa ak obligasyon komite direktè yo**

Atik 12 : tach prensipal komite direktè yo se byen jere ak byen administre rezo a nan avantaj koumbitis yo, dirije **RKJL**, mennen li nan pi bon pò pandan y'ap respekte epi fè respekte lwa, objektif ak misyon mouvman an avèk tout transparans sa mande, yo dwe travay anpil pou rann **RKJL** pwogrese.

Atik 13 : komite jeneral direktè yo gen dwa pou li pran sanksyon kont tout koumbitis ki pa mache selon lwa ak règleman ki mennen lavi mouvman an ak kont tout koumbitis k'ap afiche move konpòtman nan je lasosyete.

Atik 14 : komite general direktè yo gen dwa rele tout kòdinasyon, responsab blòk, staf teknik ak tout lòt kò dirijan **RKJL** pou mande rapò ak pran nenpòt desizyon ki pa deparaman ak lwa ki regle lavi **RKJL** yo.

Atik 15 : komite depatmantal direktè yo gen dwa rele nenpòt kòdinasyon kominal, seksyonal, komite direktè ak nenpòt lòt kò dirijan ki nan depatman pa li pou mande rapò ak pran nenpòt desizyon selon lwa ak règleman ki mennen lavi **RKJL** yo.

---

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



**RKJL**

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---

Atik 16 : komite kominal direktè yo gen pou yo fè menm travay ak lòt komite direktè nou site piwo yo anplis komite kominal direktè yo dwe toujou ap travay ak komite k'ap jere **RKJL** nan sant vil, seksyon kominal, lokalite, elt ki sou komin pa li, yon fason pou fè objektif **RKJL** yo atenn nan yon tan ki pi kout.

Atik 17 : se sèlman komite direktè yo **RKJL** bay manda legal pou al reprezante li nenpòt kote, men komite direktè yo gen dwa mandate lòt manm **RKJL** ki pou al reprezante yo, sèlman devan tribinal yo pa gen dwa fè sa

## ***Chapit III***

### **Kondisyon pou ranplase yon manm nan kòdinasyon ak nan komite yo**

Atik 18 : Kòdinasyon jeneral **RKJL** la gen yon manda pou kat lane, kòdinasyon depatmantal yo pou twa lane, kòdinasyon kominal yo pou dezan ak sis mwa, komite jesyon yo pou dezan epi responsab blòk ak responsab komisyon yo pou yon lane, yo kapab toujou renouvle manda yo nan eleksyon, si tout fwa yo te bay bon rezilta. Si youn ladan yo ta mouri, demisyone oubyen **RKJL** ta pran sanksyon kont li, men ki fason yo ka ranplase li :

Atik 18-1 : yo dwe ale nan palmarès elektoral ki te eli komite sa a pou al chache kandida ki te vini touswit apre l' la, se moun sa a k'ap gen dwa ranplase li.

Atik 18-2 : si kandida ki te vini touswit apre l' la ta gen youn nan pwoblèm ki site nan atik 18 yo, y'ap gen pou yo chwazi moun ki te vini apre l' la jiskaske yo rive nan kandida ki te fè pi piti vwa pou pòs sa a nan menm eleksyon ki te eli komite sa a.

Atik 18-3 : si tout fwa yo pa ta jwenn pesonn nan ansyen kandida ki te patisipe nan eleksyon ki te eli komite sa a ki pa gen youn nan pwoblèm ki site nan atik 18 yo, koumbitis yo ap mete tèt ansanm pou chwazi youn pami yo ki pou fin fè rès manda a, si se tout komite a ki tonbe anba lalwa, se kòdinasyon yo sèlman ak staf teknki lan ki gen dwa mete yon komite pwovizwa epi fikse dat pou fè eleksyon nan yon tan ki pa twò long.

## **Chapit IV**

### **Modèl eleksyon ki gen nan RKJL**

Atik 19: pou yon moun pase nan eleksyon pou nenpòt pòs nan **RKJL** fòk li:

1) gen majorite manm yo ki vote pou pwogram li te prezante pou **RKJL** la

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

---

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348



# Rezo Koumbit Jèn Lakay



**RKJL**

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---

- 2) Fòk pwogram li a pa depaman ak misyon oubyen objektif **RKJL** fikse yo pou avansman rezo a.
- 3) respekte lalwa ak règleman ki regle lavi **RKJL** yo
- 4) Fòk la jistis pat janm kondane li pou zak kriminel

Atik 20 : pou yon moun poze kandida pou nenpòt ki pòs nan kòdinasyon yo fòk li gen yon konpòtman responsab epi fòk li te pase tout etap ki pi ba yo pou rive nan pòs ki pi pre kòdinasyon li vle fè pati a, kanta pou kòdinasyon kominal yo fòk moun sa a te kontribiyè danble nan mete kanpe **RKJL** nan tout komin li an.

Atik 21 : pou yon moun vin manb staf teknik lan fòk li aksepte pou li toujou disponib ak dispoze bay konesans li nan **RKJL** san pesonn pa fòse li.

Atik 22 : pou yon manm poze kandidati li pou komite jesyon **RKJL** yo fòk li :

- 1) Gen pou pi piti 18 lane sa vle di fòk li majè
- 2) Se yon bon kolaboratè (z) ki onèt, sosyete a fè konfyans
- 3) Se yon bon animatè (z) ki renmen kilti ayisyèn nan epi ki toujou prè pou pran defans li nan nenpòt ki sikonstans
- 4) Se yon moun ki kapab defann enterè **RKJL** tèt kale
- 5) Se yon bon negosyatè (z) ki gen lespri dekip ak yon kapasite moral ki plizoumwen nòmal mezi pou li kapab jere ak òganize yon gwoup
- 6) Kapab resevwa ak transmèt fòmasyon ak enfòmasyon san okenn pwoblèm

Atik 22-1 : 1) si se pou sekretè li dwe kapab li ak ekri yon pwose vèbal oubyen yon rapò

Administratif san okenn pwoblèm

2) si se pou trezorye li dwe kapab jere ak òganize aktivite ki pou fè lajan

Rantre nan **RKJL**, li dwe gen lespri kreyatris.

3) si se pou konseye li dwe gen refleksyon yon bon paran, jijman yon bon

Demokrat ak karaktè yon saj.

## **Chapit V**

### **Sanksyon ki rezève pou manm yo**

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

---

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---

Atik 23: Kòdinasyon ak komite jesyon yo dwe dirije koumbitis yo san fòskote paske tout koumbitis dwe gen menm dwa depi yo mache anba lalwa ak règleman **RKJL** yo.

Atik 24 : si yo rankontre yon koumbitis nan lari ap di betiz, anime eskandal piblik, yo dwe pote komite a rapò ,komite a apre li fin byen enfòmè gen pou li rele moun sa a nan yon chita pale si posib pou li resevwa yon lèt ki pou blame li selon sa ki te pouse li fè sa.

Atik 25 : lèt blam sa a ap entèdi moun nan patisipe nan tout aktivite **RKJL** ap antreprann soti kenz jou pou rive yon mwa, depi yon moun resevwa twa lèt de blam youn apre lòt pou yon menm koz, komite a dwe kanpe moun sa a nèt nan **RKJL**

Atik 26 : yon koumbitis tout bon vre se yon moun ki toujou la nan bon tan tankou nan move tan, li gen anpil disiplin epi li gen anpil sousi pou travay li, si bagay yo pa ale konsa men ki sanksyon ki resève pou li :

- 1) si yo jwenn de moun ap pale ansanm nan reyinyon san yo pa gen pèmisyon pou sa, y 'ap peye senk goud.
- 2) Si yon manm rive kenz minit apre lè rankont lan te kòmanse a san se pa zafè RKJL li t'ap regle oubyen li pat fè komite a konnen sa depi anvan, l'ap peye senk goud, si sa rive twa fwa youn dèyè lòt san li pat mete komite a okouran, l'ap peye kenz goud plis lajan yon absans paske twa reta egal ak yon absans
- 3) Si yon moun rete li pa vin nan yon reyinyon san li pat mete komite a okouran l'ap peye di goud
- 4) Si pa malè yon moun ta pase twa reyinyon youn dèyè lòt li pa mete pye, komite a okouran li pat gen okenn fòs majè ki te kontrenn li fè sa, li dwe resevwa yon lèt ki pou blame li epi li dwe peye lajan absans li yo anvan li kontinye vini nan aktivite **RKJL**.

Atik 27 : pou yon motivasyon valab nan je komite a fòk li te gentan fèt pou pi piti dezèd tan anvan lè reyinyon an, si se nan telefòn epi kenz minit si se yon biyè l'ap voye bay komite a.

## Chapit VI

### Mòd reyinyon ak asanble jeneral nan RKJL

Atik 28 : kèlkeswa aktivite **RKJL** ap fè ak manm li yo pa gen dwa depase nevè nan aswè, sèl si se ta yon fèt, yon kongrè oubyen nan moman ki oblije yo vwayaje nan lè sa a

Atik 29 : reyinyon **RKJL** yo pa gen dwa depase dezèd tan sèl si se yon rankont ekstrawòdinè oubyen yon repetisyon.

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

---

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



**RKJL**



25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---

Atik 30 : pou yon reyinyon fèt andedan kay yon manm **RKJL** fòk se tout komite a ki dakò fè sa epi fòk efektiv la enpè sinon **RKJL** pa admèt sa nan okenn ka.

Atik 31 : Asanble kòdinasyon responsab nan komin yo dwe fèt chak 2 mwa, asanble kòdinasyon depatmantal responsab yo, chak 3 mwa, asanble kòdinasyon jeneral responsab yo chak 6 mwa men si gen rezon espesyal oubyen gen 2/3 nan responsab yo ki mande sa, kòdonatè yo gen dwa konvoke manm kòdinasyon yo nan yon rankont ekstrawòdinè.

Atik 32 : chak ane **RKJL** dwe fè yon gwo woumble general ki pote non kongrè koumbitis yo, se pi bèl okazyon tout koumbitis toupatou genyen pou yo rankontre, se yon moman lajwa, kè kontan, pataj, fòmasyon ak enfòmasyon, se la tou yo dwe pran tout pi gwo disizyon ki konsène **RKJL** yo, se sèlman asanble responsab yo ki gen dwa planifye ak òganize gwo woumble sa a.

Atik 33 : aktivite sa a gen de pati ladan li, yon seri aktivite fòmasyon, brase lide, pran desizyon sou lavi **RKJL** ak tout lòt bagay ki konsène koumbitis yo sèlman ke yo rele aktivite fèmèn, yon lòt seri aktivite ki eksprime kè kontan ak lajwa koumbitis yo, kèlkeswa moun li ye a kapab patisipe depi li pa vin fè dezòd, se nan kongrè sa a tou yo dwe prezante bilan tout aktivite yo te fè nan ane a, prezante rapò finansye chak gwoupman yo, pwopoze oubyen fè amandman nan chat la, elt.

## REPATISYON

Atik 34 : Apre tout kò responsab yo **RKJL** repati an etni afriken, tribi endyen yon fason pou raple nou orijin ak sous kilti nou epi twoupo brebi yo, yo rele seksyon ti moun tou. Misyon ak objektif **RKJL** vize yo oblije li itilize yon strateji ki pèmèt li fòme tout kalite gwoupman tankou : twoup teyat, dans, pwezi, klèb spò, mityèl solidarite, atelye atizana, bodri, afloral, kwizin, kouti, patisri, kòdonè, fanfa ,majòrèt, gwoupman fanm, gwoupman peyizan, elt, depi youn rive depase karant moun yo repati li an etni ak tribi.

Atik 35 : chak etni oubyen tribi gen yon gid ki responsab li, se gid sa a ki dwe chache lòt moun li konnen ki gen kapasite pou dirije nan mitan yo pou li fòme yon komite nan lespri pou mennen etni ak tribi yo nan bon pò.

Atik 36 : Twoupo brebi yo se pati nou konsidere ki pi enpòtan nan rezo a, li dwe byen administre paske se li menm ki reprezante lavni **RKJL**, li gwoupe timoun soti nan laj twazan pou rive nan laj onzan, timoun sa yo dwe inisyè nan tout kalite fòmasyon koumbitis yo ap resevwa, yo dwe fòme yo pandan y'ap fè yo jwe, chante ak pratike règ savwa viv yo, elt.

---

[rkjgnle@hayoo.fr](mailto:rkjgnle@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---

Atik 37 : responsab twoupo yo dwe toujou ap chache ayisyanite ki lakay brebi yo, montre yo vrè sans solidarite, fratènite ak lacharite genyen pandan y'ap fè ekzès avèk yo, se komite jesyon yo ki gen dwa chwazi twa bèje ki pou kondwi brebi **RKJL** yo.

Atik 38 : pou yon moun vin responsab twoupo fòk li se yon ansyen dirijan oubyen yon koumbitis ki metrize ideyal **RKJL** la byen epi si gid etni ak tribi yo di epi pwouve yo pa dakò ak chwa a, komite jesyon an dwe chwazi lòt moun.

Atik 39 : Gwoupman, klèb, atelye, elt kapab reyini nenpòt jou ki bon pou yo nan chan aktivite pa yo men fòk yo mete dirijan yo okouran epi fòk lè a rezonab.

## Chapit VII

### Jesyon Konfli nan mouvman an

Atik 40 : **RKJL** la se yon sèl kòd fanmi, kèlkeswa sa k'ap pase andedan li dwe rete ant li menm ak manm li yo san pesonn lòt moun pa bezwen ni konnen ni foute bouch yo ladan, se responsab yo ki reprezante premye paran pou tout koumbitis yo, tout dosye ki depase konpetans komite dwe monte gradyèlman jwenn kòdinasyon yo san pesonn lòt moun pa bezwen foute bouch yo ladan

### Sous finansman mouvman an ak fòm kotizasyon manm yo

Atik 41 : Sous finansman **RKJL** se kotizasyon manm li yo, don zanmi li yo ak rantre li fè nan aktivite li fè pou rantre kòb nan kès li.

Atik 42 : devlopman ak avansman **RKJL** repoze sou do tout koumbitis li yo, se poutèt sa yo dwe pote kontribisyon pa yo bay rezo a nan tout nivo, moun ki poko ap travay ditou dwe pote yon kotizasyon senk goud nan chak reyinyon, sa gen dwa varye avèk tan an, moun ki nan travay menm dwe sipòte mouvman an selon nivo konsyans ak nivo anplwa yo, y'ap bay **RKJL** sa yo kapab chak fwa yo touche, si se **RKJL** ki fè yon moun jwenn yon travay, moun nan gen pou li siyen yon kontra ak **RKJL** pou mouvman an gen pousanj pa li nan lajan an, chak fwa li touche.

Atik 43 : si ta gen yon paran koumbitis ki mouri, lòt yo dwe òganize yo pou bay fanmi defen an yon kouwòn, epi yo dwe akonpaye li nan finerya la, men si se yon koumbitis ki ta tonbe mouri, lòt yo dwe fè tout sa ki posib pou yo akonpaye fanmi an nan tout bagay nèt tankou : òganizasyon veye, lave rad lanmò, elt, **RKJL** dwe li de oubyen twa kouwòn.

### Disolisyon ak likidasyon byen RKJL yo

[rkjgnle@hayoo.fr](mailto:rkjgnle@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

---

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---

Atik 44: Dire lavi **RKJL** pa gen limit men si tout fwa  $\frac{3}{4}$  nan manm li yo atravè tout gwoupman yo ta deside ak tout volonte yo pou yo desitire mouvman sa a, komite jesyon yo gen pou rasanble tout byen mèb ak imèb Rezo a pou fè yo rive jwenn kòdinasyon ki pi pre yo a, kòdinasyon an menm ap bay kòdinasyon ki pi pre l la jiskaske yo rive jwenn kodinasyon jeneral la ki li menm anvan li pati ap gen pou likide byen sa yo swa bay otorite lokal chak zòn yo oubyen bay yon lòt mouvman k'ap fè menm travay ak li nan kominote a, se menm pwosesis la ki genyen pou nenpòt anbranchman ki ta deside soti nan rezo a.

N.B Depi asanble a fin vote chat sa a, li komanse sèvi avèk li, lwa sa yo abwoje tout lwa ki la anvan li yo nan **RKJL**

Fèt nan Jeremi jou ki 11 Desanm 2004

1<sup>e</sup> Amandman 16 Desanm 2006

2<sup>e</sup> Amandman 13 Fevriye 2010

---

Gué Marie CASIMIR

Coordonnateur général

---

Ernsa Conceptia JEANTY

Administratrice

---

Nickson PAUL

Responsable Jérémie

---

Maclin PIERRE

Responsable Moron

---

Claude FRANCOIS

Responsable Fond Rouge D'Ayère

---

Jocelyne Georges ALEXIS  
Responsable Ravine de Rouge

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

---

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---

---

Marie Darlène JEAN

Responsable Abricots

---

Yolette EXANTUS

Responsable Bonbon

---

Michelet PAUL

Responsable Casetaches

---

Guilène DESPEINES

Responsable Marie Kerotte

---

Guerdy GUILLAUME

Responsable Grand – Fond

---

Lictionnaire

Responsable Chardonnette

---

Lemy

Responsable Anse d’Hainault

---

Jean David R. ISIDOR

Responsable Carrefour

---

Joël SUPREME

Responsable Paillant

---

Lionel TOUSSAINT

---

Chrisla LOUIS

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

---

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---

Responsable Jacmel

Responsable des Cayes

---

Wildmine FRANCOIS

---

Domercant ISAAC

Responsable Artibonite

Responsable de l'Ouest

---

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---



Activités socioculturelles et éducatives organisées par RKJL dans la ville de Bonbon en été 2009

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

---

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348



# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---



La troupe de théâtre du RKJL de Jérémie dans une activité socioculturelle organisée par Radio Makandal fm à Caracolie dans la ville de Jérémie en été 2010

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

---

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348

# Rezo Koumbit Jèn Lakay



RKJL

25, Rue Monseigneur Bauger, Jérémie – Haïti

40, Astier – Casetaches, Bonbon - Haïti

NIF : 000-617-431-8

---



La troupe de théâtre du RKJL de Jérémie dans une séance de sensibilisation contre la stigmatisation, lincharge et le cholera à Boucan Bellier, une localité de la commune de Chambellan.

[rkjlgne@hayoo.fr](mailto:rkjlgne@hayoo.fr)

[rkj13@gmail.com](mailto:rkj13@gmail.com)

[www.rkj13.blogspot.com](http://www.rkj13.blogspot.com)

---

(509) 3815 2667/3780 6705/3612 8369 / 3481 1603 / 32 38 9994 / 3466 2472 / 3626 2348